# JASLARDI SHAŃARAQ TURMISINA TAYARLAW PSIXOLOGIYALIQ MASHQALA SIPATINDA

**Sabirbaeva Aziza Nizamatdinovna**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
Ameliy psixologiya tálim baǵdari 4-kurs talabası.

***Annotatsiya:*** *Maqalada jaslardı shańaraq turmisina psixologiyalıq tayarlawdıń ahmiyeti hám jaslardıń shańaraaq quriwdaǵı neke aldi faktorlari menen neke quriw motivleri haqqinda aytilǵan bolip jaslardi shańaraq quriwǵa psixologiyalıq treninglerdiń ahmiyeti haqqinda sóz etiledi.*

***Tayanish tusinikler:*** *Shańaraq, neke, neke aldi faktorları, neke quriw motivleri.*

Ózbekstan Respublikasi prizidenti SH.M.Mirziyoev 2017 jil 15-iyunda "Sotsiallıq turaqlılıqtı táminlew, muqaddes dinimizdiń saplıǵın asıraw-dawir talabı" temasındaǵı anjumanda sóylegen sózinde aytqanınday "....Turmıs qurǵan jaslar arasında turmıstı jeńil-jelpi oylaw, shańaraq muqaddes ekenin tusinip jetpeslik jaǵdaylarıda da, ashınarlı halda ushirap turiptı. Jas shańaraqlar arasında arzımas sebepler menen ajiralıwlar kóbeyip barmaqta. Biyguna balalar jetip bolip, mehir hám itibarǵa eń mutaj waqitinda ata-ana tarbiyasınan shette qalmaqta"[1]

Hazirgi waqitta jamiyetimiz ushın qawip tuwdirip atirǵan ekonomikalıq, sotsiallıq, siyasıy, ekologiyalıq,Ishki hám sirtqı faktorlardıń basımı artıp baratirǵan waqitta shańaraqlar bekkemligin támiyinlewdiń tiykarǵi jolı bolǵan jaslardı shańaraq turmisina tayarlaw mashqalası hesh keshiktirip bolmaytuǵun, ahmiyetli psixologiyalıq jantasıwdı talap etiwshi mámleket kólemindegi aktual mashqalalardan biri esaplanadi.

Shańaraqtıń tolıq bekkem bolıwı kóp tárepten jigit-qızlardı shańaraqlıq turmısqa tayarlaw menen baylanıslı.

Atap aytqanda jaslardı shańaraq turmısina tayarlaw mashqalası menen kóplegen pedagog hám psixolog ilimpazlarımız ilimiy-izertlew jumısların alip barǵan. Atap aytqanda, Z. F. Mirtursunov, A. Jaqtılandırǵanov, Ǵ. Shoumarov, V. Kariimova, O. Musurmonova, M. Inomova, N. Sawınov, M. Xolmatova, D. Xoliqov, A. Muxsiyeva hám basqalardıń ilimiy - izertlew jumısları itibarǵa ılayıq esaplanadi.

M.A.Utepbergenov hám R.J.Ibragimovalar tárepinen jazılǵan "Shańaraq psixologiyasi " oqıw qollanbasinda jaslar tárepinen shańaraq hám nekeniń házirgi zaman jámiyetindegi rolin durıs túsinip jetiwi jaslardıń shańaraq turmısına psixologiyalıq tayarlıǵın qáliplestiriwdiń áhmiyetli bir tárepi esaplanadı, bul neke qurıwǵa ustanovka, jónelislerdiń qáliplesiwiniń ózgesheligi menen baylanıslılıǵı ayqın kórsetip berilgen.

Joqarida bayan etilgen psixolog pedagog alimlardiń ilimiy izertlew jumislarinan da kórinip turipti jaslardi shańaraq turmisina tayarlawdıń ahmiyeti oǵada ulkenligin. Sebebi bizler jaslardıń shańaraqqa psixologiyalıq tayarlıǵın rawajlandiriwimiz ushin aldin ala shańaraqti duziwshi erli zayiplardiń neke aldi faktorlarin uyreniwimiz tiyis esaplanadi.

Hár bir jas adam sheshim qabıllawı kerek bolǵan neke aldı dáwiriniń psixologiyalıq wazıypası ózin ata-ana shańaraǵınan bólekleniw, sonıń menen birge onıń menen baylanıslı halda qalıwdan ibarat. Nekege shekemgi dáwirdi insannıń tuwılǵanınan baslap nekege kiriwge shekemgi pútkil ómir jolınan ibarat dep esaplaw múmkin. Bul dáwirde genetikalıq jaqtan azlap psixologiyalıq hám máteriallıq ǵárezslikke erisiw, qarama-qarsı jınıs penen, baylanısta bolıw tájiriybesin iyelew, neke sherigin tańlaw, onıń menen baylanısıwdıń emocionallıq iskerlik tájiriybesin iyelewi zárúr. Neke aldı dáwirinde neke aldı tanısıw hám neke aldı xoshemet kórsetiw tiyis boladı. Nekege shekem tanısıw tek xarakteri menen ǵana emes, al dawamlılıǵı menen ózgeshelenedi. Tanısıwdı ótkeriw waqtı neke múnasibetleriniń saqlanıwına tásir etedi.

Psixologlar pikiri boyınsha shaxstıń nekege ádep-ikramlıq-psixologiyalıq tayarlıǵı talaplar, wazıypalar hám minez-qulıqtıń sociallıq standartların shańaraq

turmısı menen tártipke salınatuǵın pútin bir kompleksin qabıl etiwi túsiniledi. Olar tómendegiler:

- óziniń neke sherigine, bolajaq balaları hám olardıń minez-qulıqı ushın juwapkershilik múnasibeti boyınsha jańa wazıypalar sistemasın qabıl etiwge tayar turıwı;

- shańaraq awqamınıń basqa aǵzalarınıń huqıq hám qádir-qımbatın túsiniw, insan múnasibetlerinde teńlik principlerin tán alıw;

- ózge jınıs wákili menen kúndelikli qatnasıq hám birge islesiw, óz ara háreketlerin úylestiriwge umtılıw. Bul óz náwbetinde joqarı ádep-ikramlıq mádeniyattı talap etedi;

- ózi birewdiń ádetleri hám xarakter belgilerine hám onıń psixikalıq awhalın túsiniw uqıbı.[2]

Joqarida bayan etilgen neke aldi faktorlarin jaslarimiz tuwri tusinse hám psixologiyalıq tárepten ańlap jetilse jas shańaraqtıń bekkemligi asar edi.

Solay etip shańaraq quriw faktorlarina iye bolǵan neke aldi faktorlari hám shańaraqtıń bekkemligi haqqindaǵı kóz qaraslardi qáliplestiriwde jaslardiń huquqiy pedagogikaliq hám psixologiyalıq sawatlılıǵına baylanisli boladi.Eger jaslardiń shańaraq haqqqindaǵı kóz qaraslariniń qáliplesiwine tásir etiwshi sirtqi sotsial ortalıqtıń ahmiyeti oǵada ulken esaplanadi.

Neke aldı faktorlarınan biri - bul neke qurıw ushın tiykar bolǵan neke motivları esaplanadı. Shańaraq qurılısında bir neshe onlab neke motivları bar. Lekin olardı ulıwmalastırılǵan túrde ush taypaǵa ajıratıw múmkin:

1. Muhabbat sebepli shańaraq qurıw.

2. Materiallıq yamasa ózge mápdarlıq tiykarında shańaraq qurıw.

3. Stereotip boyınsha shańaraq qurıw.[3]

Bul shańaraq quriw motivleri neke aldi faktorlarina óz tásirin tiygizedi. Sonliqtan biz psixologiyalıq kóz qarastan bekkem shańaraq quriwda neke aldi faktorlari menen qosip neke motivlerinde itibarimizdan shette qaldirmawimiz kerek esaplanadi.

Sol tiykarda jaslardi shańaraqqa psixologiyalıq tayarlawda sotsial psixologiyalıq treningler shólkemlestirilse hám sol treninglerde jaslar ózleriniń shańaraq haqqindaǵı oylari hám eleslerin qáliplestirip barilsa maqsetke muwapiq bolar edi.

Bul ushin shańaraq quriwǵa baylanisli psixologiyalıq treninglerde shet el hám jergilikli psixologlardıń miynetleri hám ilimiy teoriyalıq dalillengen bilimlerin biz jaslardıń bilimlendiriwinde hám auditoriyadan tis jumislarinda qollanip barsaq jaqsi natiyjege erisken bolar edik.Sotsial psixologiyalıq treninglerde qollanilatuǵun shiniǵiwlar hám sawbet rolli oyinlardıń ahmiyeti jaslardi shańaraq quriwǵa psixologiyalıq tayarlıǵın qáliplestiriw hám rawajlandiriwǵa ulken tásirin tiygizedi.

**Paydalanılǵan a'debiyatlar :**

1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг «Ижтимоий барқарорликни таъминлаш, муқаддас динимизнинг софлигини асраш – давр талаби»мавзусидаги анжуманда сўзлаган нутқи. // http://uza.uz/oz/politics/vatanimiz-ta-diri-va-kelazhagi-y-lida-yanadaamzhi-at-b-lib--15-06-2017. (Электрон манба. 2018 йил 9августда мурожаат этилган)

2. Utepbergenov M.A., Ibragimova R.J. Shańaraq psixologiyası. Oqıw qollanba. – Nókis: Ájiniyaz atındaǵı NMPI, 2021.- 185 bet.

3. Оила психологияси. // Шоумаров Ғ.Б. таҳрири остида. – Т.: 2007. -58-б.